

Fich Enfòmasyon Mizajou Estatistik 2026 sou Maladi kè ak Estwòk – Nan yon Kout Je

Dokiman sa a gen estatistik kle sou maladi kè, estwòk, lòt maladi kadyovaskilè ak faktè risk yo, ansanm ak estatistik ki souvan site sou pwogram rechèch American Heart Association an. Dokiman nan yon kout je sa a baze sou asosiyasyon Mizajou 2026 Estatistik sou Maladi Kè ak Estwòk: Yon Rapò sou Done Ozetazini ak Mondyal soti nan American Heart Association, yon dokiman American Heart Association ak lòt kolaboratè konpile chak ane. Ane done ki site yo se dènye done ki te disponib pou chak sijè nan moman yo te ekri Mizajou Estatistik la.

Mizajou Estatistik pou Ane 2024, 2025 ak 2026 lan genyen tout done sou etid Global Burden of Disease yo pou ane 2021. Kèk estimasyon global anba a (apati Mizajou Estatistik pou Ane 2025 ak 2026 yo) refilete estimasyon ki lejèman diferan nan dènye Estatistik ki genyen pou ane 2024 la akòz amelyorasyon nan demografi ak estimasyon popilasyon an, metòd modelizasyon estatistik ak jewospasyal, ak ogmantasyon prèske 3000 sous nouvo done depi Mizajou Estatistik AHA yo pou ane 2024 la.

Rechèch American Heart Association

- American Heart Association itilize don pou finanse pwojè rechèch yo. Demand rechèch yo byen evalye epi chwazi pa ekip syantis ak pwofesyonèl swen sante ki fè volontarya pou Asosiyasyon an.
- Dis chèchè te resevwa Pri Nobel pou rechèch yo te finanse totalman oswa an pati pa Heart Association an.
- Heart Association an se pi gwo òganizasyon ki pa gen objektif pou fè pwofi, ki pa gouvènmantral ki finanse rechèch kadyovaskilè ak serebwovaskilè Ozetazini.
- Depi 1949, Heart Association an finanse plis pase \$6.1 milya nan rechèch.

Maladi kè, Estwòk ak lòt Maladi Kadyovaskilè

- Maladi Kadyovaskilè (CVD), lè yo te repètorye kòm kòz prensipal lanmò, te koze 915 973 lanmò Ozetazini nan lane 2023. Pousantaj lanmò Ozetazini ajiste selon laj pou CVD kòm kòz prensipal lanmò te 218,3 pou 100 000.
- Maladi kè ak estwòk te pran plis lavi nan lane 2023 Ozetazini pase tout fòm kansè ansanm ak maladi vwa respiratwa enferyè kwonik yo konbine.
- Ant 2021 ak 2023, 130,6 milyon granmoun Ozetazini (48,9 %) te gen yon fòm CVD.
- Ant 2021 ak 2022, pri dirèk ak endirèk total CVD Ozetazini te \$414,7 milya (\$223,2 milya nan pri dirèk ak \$191,5 milya nan pri endirèk/mòtalite).
- Ant 2021 ak 2023 Ozetazini, 59,5 % nan fanm Nwa ki pa Ispanik ak 63,0 % nan gason Nwa kid pa Hispanie te gen yon fòm CVD. Kategori ras sa a te gen pi gwo prevalans CVD.

- An 2023, maladi kè koronè (CHD) te prensipal kòz lanmò ki atribiye a CVD Ozetazini (38,2 %), suiv pa estwòk (17,8 %), lòt CVD (17,1 %), maladi ipetansiv (14,5 %), ensifizans kadyak (HF, 9,8 %) ak maladi nan atè yo (2,7 %).
- Pri dirèk pou CVD te reprezante 10 % nan total depans sante Ozetazini ant 2021 ak 2022.
- CVD te koze anviwon 19,41 milyon lanmò mondyal nan 2021, yon ogmantasyon 18,51 % parapò ak 2010. Pousantaj lanmò mondyal CVD ajiste selon laj te 235,18 pou 100 000 nan lane 2021, yon diminisyon 14,55 % parapò ak 2010.

Maladi Kè Kowonaryen

- CHD te kòz prensipal 349 470 lanmò Ozetazini nan lane 2023. Pousantaj lanmò Ozetazini ajiste selon laj pou CHD kòm kòz prensipal lanmò te 82,2 pou 100 000.
- Depi 2013 rive 2023 Ozetazini, to mòtalite anyèl ki atribiye ak CHD te bese 19.9%, tandiske chif reyèl lanmò yo te diminye de 5.6%
- Enfakti Myokad (MI) te kòz kache 93,345 lanmò Ozetazini nan lane 2023. Pousantaj lanmò Ozetazini ajiste selon laj pou MI kòm kòz prensipal lanmò te 21,9 pou 100 000.
- Apeprè chak 40 segonn, yon moun Ozetazini pral gen yon MI.
- Dapre done soti 2005 rive 2014, ensidans anyèl ki estime pou enfaktis kè Ozetazini te 605 000 nouvo atak ak 200 000 atak k ap repete. Laj mwayèn premye atak kè a rive te 65,6 lane pou gason ak 72,0 ane pou fanm.
- Depans dirèk ak endirèk ki estime pou CHD nan 2021-2022 (mwayèn anyèl) te \$124,9 milya Ozetazini.
- Maladi kè ikemik HD te koze anviwon 8,99 milyon lanmò mondyal nan lane 2021, yon ogmantasyon 21,03 % pa rapò ak 2010. Pousantaj mòtalite mondyal ajiste selon laj nan lane 2021 te 108,73 pou 100 000, yon diminisyon 13,02 % pa rapò ak 2010.

Estwòk

- Nan lane 2023, estwòk koze apeprè 1 lanmò sou 19 Ozetazini.
- An mwayèn nan 2023, yon moun te mouri akòz estwòk chak 3 minit 14 segonn Ozetazini.
- Estwòk te kòz prensipal 162 639 lanmò Ozetazini an 2023. To mòtalite ki ajiste selon laj Ozetazini pou estwòk kòm kòz prensipal lanmò te 39,0 pou 100 000 moun.
- An 2023, to mòtalite ki ajiste selon laj Ozetazini pou estwòk kòm kòz prensipal lanmò te 39,0 pou 100 000, yon ogmantasyon 7,7 % konpare ak 36,2 pou 100 000 nan 2013, epi chif reyèl lanmò estwòk yo ogmante 26,1 % (soti nan 128 978 nan 2013) pandan menm peryòd la.
- Nan lane 2021, te gen 7,25 milyon lanmò atravè mond lan ki te koze pa estwòk, yon ogmantasyon 14,30 % parapò ak 2010. Te gen 3,59 milyon lanmò akòz estwòk iskemik, 3,31 milyon lanmò akòz emoraji entraserebral, ak 0,35 milyon lanmò akòz emoraji sou-araknoyidyèn. To lanmò mondyal estandatize selon laj pou tout estwòk te 87,45 pou 100 000 moun, yon diminisyon 17,45 % parapò ak 2010. To lanmò mondyal estandatize selon laj te 44,18 pou 100 000 pou estwòk iskemik, 39,09 pou 100 000 pou emoraji entraserebral ak 4,18 pou 100 000 pou emoraji sou araknoyidyèn.

Are Kè Toudenkou (SCA)

- Nan lane 2023, SCA te kòz prensipal 18 132 lanmò Ozetazini. To lanmò Ozetazini ajiste selon laj pou SCA kòm kòz prensipal lanmò te 4,3 pou 100 000. Nan lane 2023, lanmò ak tout masyon SCA, sa vle di tout masyon SCA sou sètifika lanmò a, te 380 349 lanmò Ozetazini. To lanmò ki ajiste selon laj Ozetazini pou tout masyon SCA te 90,2 pou 100 000.
- Dapre done Ozetazini 2024, pifò arè kè andeyò lopital (OHCA) pou granmoun rive lakay yo (71,0 %). Lye piblik yo (18,0 %) ak kay retrèt yo (11,1 %) te lòt lokalizasyon OHCA granmoun yo te rive.
- Dapre done Ozetazini 2024 pou OHCA granmoun sèlman, pousantaj sivi jiska sòti lopital te 10,5 % pou tout arè kè non twomatik trete pa sèvis medikal dijans (EMS). Arè kè granmoun yo te obsève pa temwen te gen yon pousantaj sivi jiska sòti lopital 15,9 %, epi arè kè yo obseve pa entèvenan 9-1-1 te gen yon pousantaj sivi jiska sòti lopital 18,0 %.

Ensifizans kadyak (HF)

- Dapre done soti 2021 rive 2023, 7,7 milyon granmoun Ozetazini (2,5 %) te gen HF.
- Nan lane 2023, te gen 89 795 lanmò Ozetazini kote HF te kòz prensipal lanmò. Nan lane 2023, to lanmò ajiste selon laj Ozetazini pou HF kòm kòz prensipal te 21,6 pou 100 000.
- Nan lane 2021, yo te estime 55,50 milyon lanmò atravè mond lan te koze pa HF, yon ogmantasyon 33,28 % parapò ak 2010. To lanmò ki ajiste selon laj Ozetazini pou HF te 676,68 pou 100 000 ; pa te gen okenn chanjman siyifikatif parapò ak 2010.

Faktè Risk CVD yo

Heart Association mezire sante kadyovaskilè popilasyon an lè li suiv uit faktè ak konpòtman sante kle ki ogmante risk pou maladi kè ak estwòk. Yo rele sa “Life’s Essential 8” epi Heart Association mezire yo pou suiv pwogrè nan amelyore sante kadyovaskilè pou tout Ameriken yo. Life’s Essential 8 se: Kite Tabak, Vin Pi Aktif, Manje Pi Byen, Jere Pwa, Dòmi an Sante, Kontwòle Kolestewòl, Jere Tansyon, ak Jere Nivo Sik nan San. Men kèk enfòmasyon kle sou faktè sa yo :

Konsomasyon ak Ekspozisyon nan Tabak ak Nikotin

- Nan mond lan, tabak te koze apeprè 7,25 milyon lanmò an 2021, yon ogmantasyon 9,28 % parapò ak 2010. To lanmò mondyal ki ajiste selon laj te 85,66 pou 100 000, yon diminisyon 19,75 % parapò ak 2010.
- Ozetazini, fimen te dezyèm pi gwo faktè risk pou ane lavi ki pèdi akòz lanmò twò bonè epi katriyèm pi gwo faktè risk pou ane lavi ki viv ak enkapasite oswa blesi an 2021.
- Yon meta-analiz 23 etid pwospèktif ak 17 etid ka-kontwòl sou risk kadyovaskilè ki asosye ak ekspozisyon nan lafimen pasif montre ogmantasyon risk relatif 18 %, 23 %, 23 % ak 29 % pou mòtalite total, CVD total, CHD, ak estwòk respektivman nan moun ki te ekspozisyon nan lafimen pasif.

- Dapre rapò Chèf Chirijyen Jeneral 2020 sou kite fimèn, >480 000 Ameriken mouri chak ane akòz fimèn sigarèt, >41 000 mouri akòz ekspozisyon nan lafimèn pasif, sa ki reprezante apeprè 1 nan 5 lanmò chak ane.
- Nan lane 2024, 10,1 % elèv lekòl segondè Ozetazini ak 5,4 % elèv lekòl mwayen te rapòte yo itilize aktyèlman pwodui tabak. 1,7 % elèv lekòl segondè ak 1,1 % elèv lekòl mwayen te fimèn sigarèt nan 30 jou ki sot pase yo. Nan 30 jou ki sot pase yo, 7,8 % elèv lekòl segondè ak 3,5 % elèv lekòl mwayen te itilize sigarèt elektwonik.
- Nan lane 2021, 11,5 % granmoun Ozetazini te rapòte yo fimèn sigarèt chak jou oswa kèk jou (13,1 % gason ak 10,1 % fanm).
- Nan lane 2021, te gen 7,25 milyon lanmò atravè mond lan ki te koze pa tabak, yon ogmantasyon 9,28 % parapò ak 2010. To lanmò mondyal ajiste selon laj an 2021 ki te koze pa tabak te 85,66 pou 100 000 moun, yon diminisyon 19,75 % parapò ak 2010.

Aktivite Fizik

- Nan 2022, prevalans total pou respekte Gid Aktivite Fizik 2018 pou Ameriken pou aktivite ayewobik ak ranfòsman misk te 25,3 % nan granmoun Ozetazini
- Pami jèn Ozetazini ki gen laj 12 rive 17 lane an 2022 ak 2023, 13,7 % te fè aktivite fizik pou 60 minit oswa plis chak jou nan semèn nan. Pousantaj la te pi wo pou jèn ki gen laj 6 rive 11 an (25,6 %).
- Nan lane 2021, te gen 0,66 milyon lanmò atravè mond lan ki te koze pa yon aktivite fizik fèb, yon ogmantasyon 30,74 % parapò ak 2010. To lanmò mondyal ki ajiste selon laj an 2021 ki te koze pa yon aktivite fizik fèb te 7,99 pou 100 000, yon diminisyon 7,49 % parapò ak 2010.

Nitrisyon

- Sèvi ak metodoloji eskò Life's Essential 8 American Heart Association an ak done NHANES soti 2013 rive 2020, alimantasyon te youn nan endikatè ki te gen nòt ki pi ba nan granmoun ; nòt mwayen pou alimantasyon an te 41,8, ak yon varyasyon ant gwoup demografik soti 28,2 rive 53,7 sou 100.
- Pami timoun ki gen laj 2 rive 19 lane soti 2013 rive 2020, yo te obsève yon nòt mwayen pou alimantasyon 43,9 sou 100, ak yon varyasyon ant gwoup demografik soti 32,5 rive 50,3.
- Nan lane 2021, faktè risk ki gen rapò ak alimantasyon te reprezante 7 nan 20 prensipal faktè risk pou ane lavi ki pèdi akòz lanmò twò bonè Ozetazini.
- Nan lane 2021, faktè risk ki gen rapò ak alimantasyon te reprezante 3 nan 20 prensipal faktè risk pou ane lavi ki pèdi akòz lanmò twò bonè atravè lemond.
- Nan lane 2021, te gen 7,22 milyon lanmò atravè mond lan ki te koze pa risk alimantasyon, yon ogmantasyon 18,78 % parapò ak 2010. To lanmò mondyal ki estandartize selon laj ki te koze pa risk alimantasyon te 86,26 pou 100 000 moun, yon diminisyon 13,85 % parapò ak 2010.

Twòp Pwa oswa Obèz

- Ozetazini, prevalans ki ajiste selon laj obezite pami granmoun soti 2021 rive 2023 te 40,3 % total, 39,3 % nan gason, ak 41,4 % nan fanm.
- Prevalans ki ajiste selon laj obezite sevè nan granmoun Ozetazini soti 2021 rive 2023 te 9,7 % total, 6,8 % nan gason, ak 12,6 % nan fanm.
- Prevalans obezite nan timoun ak adolesan ki gen laj 2 rive 19 lane Ozetazini soti 2021 rive 2023 te 21,1 % total, 23,0 % nan ti gason, ak 19,1 % nan fanm.
- Nan lemond, endèks mas kò ki wo te koze 3,71 milyon lanmò an 2021, yon ogmantasyon 42,81 % parapò ak 2010. To lanmò mondyal ki ajiste selon laj ki te koze pa endèks mas kò a ki wo te 44,23 pou 100 000 ; pa gen chanjman siyifikatif parapò ak 2010.

Kolestewòl Elve nan San ak Lòt Lipid

- Sèvi ak done soti 2021 rive 2023, yo estime ke 91,2 milyon granmoun Ozetazini (36,1 %) te gen kolestewòl total 200 mg/dL oswa plis.
- Sèvi ak done soti 2021 rive 2023, yo estime ke 28,7 milyon granmoun Ozetazini (11,3 %) te gen kolestewòl total 240 mg/dL oswa plis.
- Sèvi ak done soti 2017 rive 2020, yo estime ke 63,1 milyon granmoun Ozetazini (25,5 %) te gen nivo kolestewòl lipoprotein dansite ki ba (LDL ; 130 mg/dL oswa plis). Done sou kolestewòl LDL pou 2021 rive 2023 pa te pibliye lè yo t ap ekri Mizajou Estatistik 2026 la.
- Sèvi ak done soti 2021 rive 2023, yo estime ke 34,9 milyon granmoun (14,1 %) te gen nivo ba kolestewòl lipoprotein dansite wo (HDL ; mwens pase 40 mg/dL).
- Nan mond lan, an 2021, te gen 3,65 milyon lanmò ki te koze pa nivo wo kolestewòl LDL, yon ogmantasyon 17,41 % parapò ak 2010. To lanmò mondyal estandatize selon laj te 43,67 pou 100 000, yon diminisyon 14,68 % parapò ak 2010.

Somèy

- Done NHANES 2017 rive 2020 te montre ke pwoblèm somèy te pi komen nan mitan granmoun aje, fanm, granmoun blan NH yo, ak moun ki san travay. Somnolans pandan lajounen te pi komen nan mitan granmoun ki pi jèn, fanm, granmoun blan NH, moun ki san travay, ak moun ki gen revni ba.
- Dapre done Ozetazini 2022 yo, pou tout gwoup laj yo, pi plis fanm pase gason te di ke yo pa janm reveye byen repoze, oswa ke sa rive sèlman kèk jou.

Dyabèt

- Sèvi ak done soti 2021 rive 2023, yo estime ke 29,5 milyon granmoun Ozetazini (10,6 %) te gen dyabèt ki te dyagnostike.
- Sèvi ak done soti 2021 rive 2023, yo estime ke 9,6 milyon granmoun Ozetazini (3,5 %) te gen dyabèt ki pa te dyagnostike. Anplis, 96,0 milyon granmoun Ozetazini (37,2 %) te gen predyaabèt.
- Nan lane 2023, 95 190 lanmò Ozetazini te gen dyabèt kòm kòz prensipal. To lanmò ki ajiste selon laj Ozetazini ak dyabèt kòm kòz prensipal te 22,4 pou 100 000.

- Nan lane 2021, yo estime ke 1,66 milyon lanmò atravè lemond te koze pa dyabèt, yon ogmantasyon 41,13 % pa rapò ak 2010. To lanmò mondyal ki ajiste selon laj te 19,61 pou 100 000 ; pa gen okenn diferans siyifikatif parapò ak 2010. Nan lane 2021, yo estime ke 5,29 milyon lanmò atravè lemond te koze pa glikoz nan san ajèn ki wo, yon ogmantasyon 37,09 % parapò ak 2010. To lanmò mondyal ki ajiste selon laj te 63,73 pou 100 000 ; pa gen okenn diferans siyifikatif parapò ak 2010.

Tansyon Wo (HBP)

- Dapre done soti 2021 rive 2023, 125,9 milyon granmoun Ozetazini (47,3 %) te gen HBP.
- Nan lane 2023, te gen 132 827 lanmò Ozetazini ak tansyon wo (HBP) kòm kòz prensipal. Nan lane 2023, to lanmò ajiste selon laj Ozetazini ak HBP kòm kòz prensipal te 31,9 pou 100 000.
- Nan lane 2021, yo estime ke 10,85 milyon lanmò atravè lemond te koze pa presyon sistolik ki wo, yon ogmantasyon 20,50 % parapò ak 2010. To lanmò mondyal ki ajiste selon laj pou presyon sistolik ki wo te 131,10 pou 100 000, yon diminisyon 13,63 % parapò ak 2010.

Ou kapab telechaje fich enfòmasyon, enfografi, ak piblikasyon mizajou sou estatistik aktyèl/pase sou:

[Heart and Stroke Association Statistics | American Heart Association](#) (Sit entènèt an Anglè)

Anpil estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a soti nan tablo ki pa pibliye ki konpile pou dokiman sou Mizajou Estatistik la e yo kapab site yo apati dokiman ki endike anba a. Sous done ki itilize pou tablo yo endike nan tout dokiman an. Anplis, kèk estatistik soti nan etid ki pibliye yo. Si w ap site nenpòt nan estatistik ki nan fich enfòmasyon sa a, tanpri revize tout dokiman Estatistik sou Maladi Kè ak Konjesyon serebral pou detèmine sous done yo ak sityasyon orijinal yo.

American Heart Association an mande pou site dokiman sa a jan sa a konsa:

Palaniappan LP, Allen NB, Almarzooq ZI, Anderson CAM, Arora P, Avery CL, Baker-Smith CM, Bansal N, Currie ME, Earlie RS, Fan W, Fetterman JL, Barone Gibbs B, Heard DG, Hiremath S, Hong H, Hyacinth HI, Ibeh C, Jiang T, Johansen MC, Kazi DS, Ko D, Kwan TW, Leppert MH, Li Y, Magnani JW, Martin KA, Martin SS, Michos ED, Mussolino ME, Ogungbe O, Parikh NI, Perez MV, Perman SM, Sarraju A, Shah NS, Springer MV, St-Onge M-P, Thacker EL, Tierney S, Urbut SM, Van Spall HGC, Voeks JH, Whelton SP, Wong SS, Zhao J, Khan SS; Nan non Konsèy American Heart Association sou Epidemyoloji ak Prevansyon, Komite Estatistik ak Komite Estatistik Estwòk yo. Estatistik sou maladi kè ak konjesyon serebral nan lane 2026: yon rapò sou done Etazini ak mondyal American Heart Association. *Sikilasyon*. Pibliye anliy nan dat 21 Janvyè 2026.

Tanpri voye tout demann enfòmasyon medya yo bay News Media Relations nan <http://newsroom.heart.org/newsmedia/contacts> (Sit entènèt an Anglè).